

RESÈTIFIKASYON CHAK DE (2) LANE POU DWA KONSÈNAN AVANTAJ YO

Enstriksyon pou demandè yo: Tanpri, li tout fòm ki anba a ak anpil atansyon. Règ ak Règleman Komite Aksidan nan Travay ki nan Eta New York la (12 NYCRR 304) (Workers' Compensation Board, WCB) egzije pou demandè yo bay enfòmasyon ak sètifikasyon ki sou fòm sa a. Enfòmasyon ak sètifikasyon yo mande yo obligatwa pou konpayi asirans lan oswa patwon ki bay tèt li asirans lan ka kontinye reponn ak dezi w genyen pou w wè yo voye peman konpansasyon w yo ale dirèkteman nan Enstitisyon Finansyèl la. Apre ou fin li fòm nan nèt, tanpri ekri enfòmasyon yo mande yo etan nan kare ki anba a, ekri yo ak lèt ki detache epi mete dat epi siyen anba fòm lan. Apre sa, voye fòm nan tounen bay konpayi asirans ou a ak/oswa patwon ou genyen ki bay tèt li asirans lan.

Non Demandè a	Nimewo Dosye Konpayi Asirans lan
Dat Aksidan an	Nimewo Dosye WCB a

LÈ DEMANDÈ A SIYEN FÒM SAA, LI SÈTIFYE BAGAY SA YO:

- 1) Li te gen dwa a peman konpansasyon li te resevwa nan sis (6) mwa ki sot pase yo;
- 2) Sikonstans ki ka afekte dwa konsènan avantaj sa yo, pa t chanje. Chanjman sikonstans sa yo genyen ladan, men se pa sa sèlman: 1) yon chanjman nan estati travay, tankou, soti nan p ap travay pou pase nan ap travay a tan plen oswa a tan pasyèl (kèlkeswa se yon travay lejè oswa yon travay konplè), soti nan yon travay a tan pasyèl pou pase nan yon travay a tan plen epi soti nan travay lejè oswa ki modifiye pou pase nan yon travay regilye EPI 2) yon chanjman ki genyen nan eta sante demandè a, ke doktè k ap trete l la fè konnen nan yon deklarasyon li bay demandè a, apre li fin egzamine l;
- 3) Si sikonstans yo chanje, li pral imedyatman fè Prezidan an, ak Konpayi Asirans lan ak/oswa patwon ki pran asirans pou tèt li a konnen sa ki rive sou zafè chanjman sa a epi;
- 4) Li okouran konsènan dispozisyon Lwa sou Aksidan nan Travay la §114-a AK Lwa sou Aksidan nan Travay §132 ki nan do fòm sa a.

MWEN SÈTIFYE MWEN TE LI EPI KONPRANN SA KI EKRI PI WO A.

Moun Ki Siyen An Se: _____
Demandè

Dat _____

Lwa sou Aksidan nan Travay § 114-a. Diskalifikasyon pou fo reprezantasyon.

1. Si nan objektif pou jwenn yon konpansasyon dapre seksyon kenz (15) nan chapit sa a, oswa nan objektif pou enfliyanse nenpòt detèminasyon konsènan peman sa a, yon moun ta fè yon fo deklarasyon oswa yon fo reklamasyon pa eksprè, ki konsène yon enfòmasyon ki enpòtan, enben y ap diskalifye yon moun konsa pou l pa benefisye okenn konpansasyon ki lye ak fo deklarasyon sa a oswa ak fo reprezantasyon sa a. Epi, selon desizyon Komite a, demandè a pral sibi yon diskalifikasyon oswa yon amann anplis jiska montan ki pi wo a, ki lye ak fo deklarasyon an oswa fo reprezantasyon an. Yo dwe peye lajan amann yo nan trezò eta a.

2. Si yon demandè konnen yon lòt moun fè eksprè pou l bay yon fo deklarasyon oswa yon fo reprezantasyon konsènan yon enfòmasyon ki enpòtan, nan objektif pou ede yon demandè swa jwenn, oswa enfliyanse nenpòt detèminasyon konsènan yon konpansasyon dapre seksyon kenz (15) nan chapit sa a, enben yon demandè konsa ka diskalifye pou l pa benefye okenn konpansasyon ki lye ak fo deklarasyon sa a oswa fo reprezantasyon sa a. Epi, selon desizyon konsèy la, demandè a kapab sibi yon diskalifikasyon oswa yon penalite anplis jiska montan ki pi wo a, ki lye ak fo deklarasyon an oswa fo reprezantasyon an. Yo dwe depoze lajan amann yo nan kont fon jeneral eta a.

Lwa sou Aksidan nan Travay § 132. Pouswit kriminel; sètifikasyon.

1. Pwokirè jeneral la gen dwa pouswiv tout moun yo akize kòm yon moun ki komèt yon deli kriminel ki pa respektè sa ki nan chapit sa a, oswa ki pa respektè nenpòt règ, règleman oswa lòd ki fèt dapre li, oswa ki pa respektè lwa eta sa a, ki aplikab oswa ki soti nan nenpòt dispozisyon etan nan chapit sa a oswa nan nenpòt règ, règleman oswa lòd ki fèt dapre li.

2. Chak chèk oswa chèk labank yo bay yon benefisyè avatanj oswa yon pwofesyonèl swen k ap bay yon sèvis sante, pou peye yon reklamasyon ki fèt dapre chapit sa a, dwe genyen yon deklarasyon ki enprime sou do a, imedyatman anlè liy siyati a pou premye andòsman an, ki fè konnen nan andose chèk la oswa chèk labank lan, pou peman benefisyè avantaj la oswa pwofesyonèl swen k ap bay yon sèvis sante, kapab sètifye moun sa a gen dwa pou l jwenn peman sa a epi sikonstans ki ka afekte dwa pou resevwa peman an pa t chanje. Deklarasyon an dwe nan yon fòm komite komite aksidan nan travay la bay, apre konsiltasyon direktè asirans lan.

3. Chèk oswa chèk labank ki dekri nan dezyèm (2zyèm) sou-divizyon ki nan seksyon sa a, dwe se yon seri fòm reklamasyon nan sans seksyon 176.00 lwa penal la ak sou-seksyon (d) nan atik katsantwa (403) lwa asirans lan.